

Nyanzvi dzakawanda dzezvekurima dzinoti hakuna nzira imwechete ingagona kuvandudza kurima muAfrica. Asi, ivo vanokurudzira kuti varimi vanoshandisa nzira dzakawanda dzakasiyana pahurongwa hwavo hwekurima.

Senzira inotsiva kurima mbeu imwechete zvinokurudzirwa nevemakambani, kurima kuchishandiswa zvakakomberedza zvipenyu kunopa ivhu utano, kukorera, kuenderera mberi nekurima chikafu pamwe nekuwedzera murimi mari. Zvinosanganisira:

- kusadyara chimwe chikamu chemunda - kusiya chikamu chemunda kwenguva kuti ivhu rigadzikane kwenguva;
- kuodzeka mufudze mumakomba pamwe nekuita maodzwa;
- kukodza ivhu – kushandisa ivhu rechuru, mifudze yezvipfuwo pamwe nemashizha akaorera;
- kudya mbeu dzakasanganiswa nedzimwe dzinopa kudya kuivhu, dzakadai senyemba, nyimo kana nzungu;
- kupa kudya kwenitrogen kuivhu;
- kusandura mbeu pamunda - somuenzaniso, zviyo, nzungu uye kusanganisa miti kana bhinzi (*faidherbia albida*);
- mubatanidzwa nemiti, zvirimwa uye zvipfuwo; uye
- hurongwa hwevarimi hwekuchengetedza mbeu dzakasiyana.

Nzira dziripo parizvino dzinobva patsika dzevarima dzechinyakare dzakanatswa pamusoro pemakore evarimi vemuAfrican. Tsika idzi ndedze varimi, dzinofanira kusanganisirwa pakutsvakurudza uye kuita ongororo dzine chokuita navo.

VARIMI VANE DZIMWE NZIRA

DZAVO PANE
YEGREEN REVOLUTION



duducorho.com